**REZYUME.** Davlatning madaniyatni qo‘llab-quvvatlash va rivojlantirishga qaratilgan ilmiy asoslangan faoliyatini tushunish, davlat, jamiyat va madaniyat munosabatlarining modellarini aniqlash, ushbu sohadagi asosiy ustuvor yo‘nalishlarni belgilash va ularni amalga oshirishning samarali yo‘llarini taklif qilish hamda mazkur jarayonlarda davlatning pozitsiyasini aniqlash madaniy siyosat sohasida ko‘p sonli tadqiqotlar olib borishni taqozo etadi. Maqolada yuqorida keltirilgan muammolar doirasida “madaniy siyosat”ning ijtimoiy-madaniy xususiyatlari, uning tushunchasi va talqini xorijiy hamda mahalliy olimlarning imiy maqolalari asosida yoritildi. Shuningdek, madaniy siyosat modellari retrospektiv tahlil qilindi.

**РЕЗЮМЕ.** Понимание научно обоснованной деятельности государства, направленной на поддержку и развитие культуры, иными словами, определение моделей взаимоотношений государства, общества и культуры, а также выявление основных приоритетов в этой сфере, предложение ключевых путей их реализации и определение позиции государства в этих процессах требует проведения многочисленных исследований в области культурной политики. В данной статье на основе научных работ зарубежных и отечественных ученых освещены социокультурные особенности “культурной политики”, ее концепция и интерпретация в рамках вышеуказанных проблем. Также был проведен ретроспективный анализ моделей культурной политики.

**SUMMARY.** Understanding the state’s scientifically grounded activities aimed at supporting and developing culture-specifically, identifying models of relationships between the state, society, and culture; defining the main priorities in this field; proposing key ways to implement them; and determining the state’s position in these processes-necessitates numerous studies in the realm of cultural policy. Within this framework, the article highlights the socio-cultural aspects of “cultural policy”, its concept and interpretation, drawing on scientific works by both foreign and local scholars. In addition, models of cultural policy are analyzed retrospectively.

# МИЛЛИЙ МИЙРАСЛАРЫМЫЗ, МИЛЛИЙ ҚӘДИРИЯТЛАРЫМЫЗ – МИЛЛИЙЛИГИМИЗ ТЫМСАЛЫ СЫПАТЫНДА

**К.Б.Юсупов –** *философия илимлери бойынша философия докторы (PhD), доцент*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** миллийлик, мийрас, миллий мийрас, қәдирият, миллий қәдирият, улыўма инсаныйлық қәдирият, жақсылық, гөззаллық, аксиология.

**Ключевые слова:** национальность, наследие, национальное наследие, ценность, национальная ценность, общечеловеческая ценность, добро, красота, аксиология.

**Key words:** nationality, heritage, national heritage, value, national value, universal value, goodness, beauty, axiology.

Инсаният қандай жетискенликлерге жетискен болса, ең дәслеп, ол мәденият аркалы жетиседи. Егер инсан мәдениятынан айырылса, санасыз мақлуққа айланып қалыўы сөзсиз. Мәденият инсанның биологиялық емес искерлик усылы сыпатында, инсан мәдениятты жаратты, ал мәденият инсанды кәмилликке жетеледи. Қәдимги дәўирде адамлар әпиўайы мәденият пенен шекленген болса, ал соңғылығында инсаният зәрүрлигиниң артыўы менен жоқары мәдениятқа мүтәжлик пайда болды.

Тарийхқа нәзер салғанымызда ата-бабаларымыз мәдений раўажланыў жағынан дүнья халықларынан белгили дәрежеде илгерилеп кеткенлигин көремиз. Мысалы, Орта Азияда қалалардың қурылыўы, Суғдиана Хорезм Бактрия сыяқлы мәмлекетлердиң мәдениятының, зорастризм дининиң исенимлери, өнерментшилик өнери ҳ.т.б буған мысал бола алады. Сондай-ақ IX-XII әсирлерде Ислам дининиң кирип келиўи менен Орта Азияда илим пән ағартыўшылық раўажланды. Бул дәўирлерде Орта Азияда Бухара, Самарқанд «Ислам дининиң өзине тән орайына айланды ҳәм бул жерде инженерлик тараўы, суфизм илими ҳәм басқа да илимлер раўажланып баслады. Бунда Ахмад Фарганий, Хоразмий, Фарабий, Беруний, Ибн Сина сыяқлы ўатанласларымыздың жәҳән илим пәниниң раўажланыўына өз тәсирин тийгизди» [1]. Сондай-ақ Европа ояныў дәўирине түртки болғанлығы илимий әдебиятларда келтирилген. Ал, XIV-XV әсирлерде Темурийлер дәўиринде Мавереннахрда илим-пән, ағартыўшылық, әдебият, көркем-өнер, Архитектура жедел раўажланып, уллы пайтахт Самарқанд дүньяның мәдений орайларының

бирине айланды. Бүгинги раўажланған дәўирде дүньяда жүз берип атырған түпкиликли өзгерислер инсаныяттың бүгинги күнге жаңа хабар цивилизациясына кирип баратырғанлығын көрсетпекте, өз нәўбетинде бул жаңа социаллық реаллық инсан өмирине мәдений тәреплеме өз тәсирин өткерместен қалмаслығы анық.

Жаңа технологиялар халықлар ортасындағы аралықты жақынластырып, мәдений қарым-қатнасларды асырған болса, усы процесстиң екинши тәрепи миллий мәдениятлардың қарама-қарсы келмеўи ҳәм бунда айырым миллий мәдениятлардың жемирилип кетиў қәўпин пайда етпекте. Миллий мийраслар тарийхый раўажланыўдың өтмишке айланған басқышында белгили бир миллеттиң ата-бабаларының ақыл қәбилети, мийнети менен жаратылған барлық материаллық ҳәм руўхый байлықлар комплексин көрсетиўши түсиник.

Ҳәр бир миллеттиң миллий мийрасы, сол миллет тәрепинен жаратылған материаллық, руўхый ҳәм басқа түрдеги миллий мийрасын өз ишине алады. Олардың айырымлары улыўмалық характерге ийе болса, айырымлары, усы миллетке тән болған мийрас болып есапланады. Миллий мийрас миллеттиң билиминиң уллылығының, дүньяға көзқарасының жаратыўшылық қәбилетиниң нәтийжеси болып есапланады. Оларсыз жаратылған ҳәр қандай мийрас, миллий мийрас дәрежесине көтериле алмайды, тарийхый дәўир даўамында жоқ болып кетеди. Миллий мийрас миллеттиң раўажланыўының ҳәр түрли тарийхый басқышында пайда болып, миллеттиң өзи менен бирге пайда болған байлық есапланады. Соның ушында миллеттиң өз келешегин жаратыўда көнликпе ҳәм тәжирийбе дереги болып хызмет етеди.

Қәдириятты аксиологиялық көз-қарасынан анализ қылыў, оның категория сыпатындағы мәниси, мазмуны, объектив тийкары, субъектив аспектлери, формалары ҳәм қәсийетлерин үйрениў имканиятын береди. “Тәбият ҳәм мәденият буйымларының инсанның мүтәжлигин қанаатландырыўы ҳәм оның мақсетлерине хызмет қылыўы атап айтқанда, тийкарынан, олардың пайдасы, баҳаланыўы нәзерде тутылады. Ҳақыйқаттан да, буйымлардың экономикалық баҳасы инсанлар ушын үлкен әҳмийетке ийе. Бирақ буйымның қәдири есапқа алынбаса, мәселениң руўхый аспекти ашылмайды”. [2]

Қәдирият буйым яки нәрсениң экономикалық баҳаланыўын сәўлелендиретуғын түсиниклерден парық қылады. Қәдирияттаныўда қәдирият түсиниги менен байланысқан объект ортасында парық бар, деп қаралады. Дүньяда қәдирленетуғын адамлар, нәрселер, қубылыслар, ўақыялар, процесслер, орынлар ҳәм сапалар, идеал ҳәм мақсетлер жүдә көп.

Қәдирият түсиниги болса, олардың бирде-биреўи ушын туўрыдан-туўры исим, атама яки тиккелей ат бола алмайды, бәлким олардың қәдирин аңлататуғын түсиник сыпатында көриниске ийе болады. Қәдириятты руўхый-философиялық түсиниў, оның күнделик турмыстағы мәнисинен парық қылады. Бул болса, қәдирият түсинигин оның өзи байланыслы болған объекттен парықлаў (улыўма ажыратыў емес) менен бирге, оны объектлердиң ҳәр түрли аспектлери (пайдалы, керакли) менен бирдей қылмаслық имканиятын береди.

Қәдирият қандайда бир тәризде ҳәм формада болатуғын, субъект ушын белгили бир тәсирин көрсететуғын ўақыялықтың ҳәр қыйлы формалары, көринислери, нәрселер, қубылыслар, процесслер, қатнасықлар, түрли сыпатлар, қәсийет, этика ҳәм руўхыйлықтың өлшемлери ҳәм де басқаның субъект ушын социаллық әҳмийети ҳәм қәдирин сәўлелендиретуғын улыўма аксиологиялық категория болып есапланады. Адамлар бир жәмийетте, бир дәўирде ҳәм уқсас шараятларда жасап атырғанларына қарамастан, ол яки бул нәрсениң қәдири түрлише аңлап алынады, түсинileди ҳәм анализ қылынады.

Социаллық процесслер тәсиринде адамлардың қәдириятлар ҳаққындағы елеслеўи, көзқараслары өзгереди, бул болса раўажланыў процессинде адамлардың турмыс шараятлары, өмири ҳәм руўхый келбетиндеги өзгерислер менен байланыслы болып табылады. Ҳәр түрли аспектлер ҳәр қандай қәдирияттың қарама-қарсы тәреплерин шөлкемлестиреди. Унамлы ҳәм унамсызлығы, баҳаланыўы ҳәм әҳмийетине көре, бир-бирине қарсы көринетуғын «жақсылық» ҳәм «жаманлық», «ҳақыйқат» ҳәм «ҳақсызлық», «бахыт-саадат» ҳәм «уўайым-күлпет», «эволюциялық» ҳәм «революциялық», «раўажланыў» ҳәм «кризис», «болмыс» ҳәм «жоқлық» сыяқлы түсиниклер турмыстың бир-бири менен қарама-қарсы байланысқан аспектлерин сәўлелендиреди.

“Қәдирият – ўақыялықтағы қубылыслардың улыўма инсаныйлық, социаллық, әдеп-икрамлылық, мәдений, руўхый әҳмийетин көрсетиў ушын қолланылатуғын түсиник”[2].

Инсан ҳәм инсаният ушын әҳмийетли болған барлық нәрселер, еркинлик, тынышлық, әдиллик, социаллық теңлик, ағартыўшылық, ҳақыйқат, жақсылық, гөззаллық, материаллық ҳәм руўхый байлықлар, дәстүр, үрп-әдет ҳәм басқалар қәдирият болып есапланады. Социаллық пәнлердиң қайсы тараўында қәдириятқа тийисли изертлеў алып барылған болса, бул түсиникке усы аспекттен тәрийп бериўге умтылған.

Тарийхый зәрүрликке қарап базыда қәдирият социаллық раўажланыўдың алдыңғы қатарына шығады. Мәселен, елди жаў басқанындаазатлық, империя ҳүкимранлығынд а – ғәрезсизлик, урыс дәўиринде – тынышлық, тутқынлықта – еркинлик, кесел яки наўқаслықта – денсаўлықтың қәдири асып кетеди. Қәдириятлар социаллық тарийхый раўажланыўдың жемиси сыпатында өзиниң тарийхый тамыры, раўажланыўы, мийраслық аспектлерине ийе.

Қәдириятлар мийнет, ислеп шығарыў тараўындағы искерлик, инсанлар ортасындағы мүнәсебетлер ушын пайда келтиретуғын нәрселер, қубылыслар, ҳәрекетлердиң комплекси сыпатында жүзеге келип, айырым адамлар, социаллық топарлардың искерлиги, ҳәрекетин мәлим бағдарға буратуғын, тийисли нормаға салатуғын руўхый қубылысқа айланады. Қәдириятлар цивилизациялық, миллий, шахсый болыўы мүмкин. Әлем, тәбият ҳәм жәмийеттиң ең әҳмийетли тәреплерин, нызам-қағыйдаларын, байланыс-ларын сәўлелендиретуғын қәдирият-лар цивилизациялық қәсийетке ийе.

Бундай қәдириятлар өзиниң әҳмийетин жойытпайтуғын, мәңги қәдириятлар болып есапланады. Белгили бир елат, миллет, халықтың турмысы, турмыс тәризи, тили, мәденияты, руўхыйлығы, үрп-әдет ҳәм дәстүрлери, өтмиши ҳәм келешеги менен байланыслы қәдириятлар миллий қәдириятлар есапланады. Инсан, оның искерлиги, турмыс тәризи, исеними, өмирдиң мәниси, әдеби, гөззаллығы менен байланыслы қәдириятлар шахсый қәдириятлар есапланады. Қәдириятлар кәмил инсанды тәрбиялаўда зәрүрли фактор болып хызмет қылады. Улыўма инсаныйлық қәдириятлар – дүньядағы барлық адамлар, халықлар ҳәм мәмлекетлер ушын улыўма қәдирлеў өлшеми есапланған, цивилизациялық әҳмийетке ийе болған қәдириятлар системасын сәўлелендиретуғын түсиник. Улыўма инсаныйлық қәдириятлар кең көлемли түсиник болып табылады. Ол азатлық, еркинлик, тынышлық, бахыт сыяқлы улыўма социаллық мазмунға ийе болатуғын түсиниклерден ғана ибарат емес. Оны тек ғана мәдений байлықлар сыпатында түсиниўди де мақсетке муўапық, деп болмайды. Соның менен бирге, белгили бир миллий, этникалық ҳәм басқа жеке қәдирият системалары ҳәм улыўмаинсаныйлық қәдириятлардың орнын баса алмайды.

Улыўма инсаный қәдириятлар истемасы ҳәм оның көриниў формаларын анализ қылыў, тийкарынан, қурамлы бөлеклери бир-бири менен диалектикалық тәризде байланысқан улыўма системаны, оның тийкарғы бөлимлери ортасындағы мүнәсебетлерди изертлеў болып табылады. Улыўма инсаныйлық қәдириятлар жәмийеттиң раўажланыўының белгили бир дәўиринде жасап атырған барлық адамлар ушын улыўма болған системаны пайда қылады, басқа принциплер менен үзликсиз байланыста, зәрүрли байланыста өзиниң көринисине болады.

Улыўма инсаныйлық қәдириятлар көриниў формалары салыстырмалы қәсийетке ийе, бирақ бул салыстырмалылық ҳәр дайым көзге таслана бермейди.

Тарийхый раўажланыў процессинде (объектив тәризде), жәмийет ҳәм адамлардың талап, мүтәжликлери нәтийжесинде улыўма инсаныйлық қәдириятлардың формаларынан яки бири, яки басқасы улыўма системаның орайына, турмыстың алдыңғы басқышына шығып алады [4], мәселен, елде душпанлар ҳүкимранлық қылғанында – азатлық, ғәрезсизлик; елдиң ғәрезсизлигине қәўип туўылғанында – ўатан сүйиўшилик; миллий өзликти аңлаў ҳәм миллий ояныў дәўиринде – тарийхый ҳәм мәдений мийрасты үйреniўге умтылыў; урыс шараятында тынышлық ҳәм турақлылыққа мүтәжлик күшейип барады.

Жуўмақлап айтқанда, илим ҳәм технологиялардың, әсиресе, хабар технологияларының тез пәтлер менен раўажланыўы, баҳалықлар системасындағы өзгерислер адамзат жәмийетин үлкен таңлаў алдына қойды, адамзат жәмийети өзин-өзи шөлкемлестириўши система сыпатында сақлап қалыўы ямаса өзин-өзи жоқ етиў мүмкиншилигине ийе. Туўры таңлаў адамзат жәмийетин система сыпатында бирлестирип, турақлы раўажланыўын тәмийнлеўши негизлердиң күшейтилиўи менен байланыслы. Бундай негизлердиң бири есапланған миллий мийрасларымыз ҳәм миллий қәдириятла-рымыз, миллийлигимиздиң тымса-лы сыпатындағы актуаллығы жүзеге шығады. Сол себепли, миллетимизди миллет қылып турған

идеяларды жәмийетлик санаға, соның менен бирге, жасларымыздың санасына сиңдириўде миллий мийрасларымыз ҳәм миллий қәдириятларымыздың әҳмийети жоқары дәрежеде болып есапланады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Шарипов А. Маънавият юлдузлари. Беруний. – Тошкент: А.Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти, 1999. – Б. 43.

2. Қиём Назаров. Қадриятлар фалсафаси (Аксиология). –Т.: 2004. –Б. 17.

3. Тураев Б.О., Каримов Б.Р. Оқилона қадрият мўлжаллари. –Тошкент, 1994. – Б. 116.

4. Отамуротов Саъдулла, Отамуротов Сарвар. Ўзбекистонда маънавий-руҳий тикланиш. – Тошкент: УАЖБНГ Маркази, 2003.

5. Фалсафа асослари / Қ.Назаров таҳрири остида. – Тошкент: «Ўзбекистон» файласуфлар миллий жамияти нашриёти, 2018.

**РЕЗЮМЕ.** Бул мақалада миллий мийрасымыздың миллеттиң өз келешегин жаратыўда көнликпе ҳәм тәжирийбе дереги сыпатындағы өзгешелиги анализ қылынды. Соның менен бирге, аксиологиялық көз-қарастан миллий қәдириятлар ҳәм улыўмаинсаныйлық қәдириятлардың мазмун ҳәм мәниси ашып берилди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется особенность национального наследия как источника навыков и опыта созидания собственного будущего нации. При этом с аксиологической точки зрения раскрываются содержание и сущность национальных ценностей и общечеловеческих ценностей.

**SUMMARY.** This article analyzes the unique nature of national heritage as a source of skills and experience for creating a nation's future. From an axiological perspective, it explores the content and essence of national and universal values.

## KUTUBXONACHILIK: ZAMONAVIY AXBOROT JAMIYATIDA UNING O‘RNI VA AHAMIYATI

**Sharipova Dilbarxan Atajanovna –** *dotsenti*
*O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali*

**Tayanch so‘zlar:** kutubxonachilik, axborot jamiyati, raqamlashtirish, elektron kutubxona, innovatsion texnologiya, kitobxonlik, ma’naviyat.

**Ключевые слова:** библиотековедение, информационное общество, цифровизация, электронная библиотека, инновационные технологии, культура чтения, духовность.

**Key words:** librarianship, information society, digitization, electronic library, innovative technology, reading culture, spirituality.

XXI asrda axborot oqimlari keskin ortib, insoniyat faoliyatining deyarli barcha jabhalari raqamlashtirilmoqda. Axborot texnologiyalarining rivojlanishi natijasida jamiyatning ijtimoiy-madaniy hayotida axborot resurslariga bo‘lgan talab sezilarli darajada ortdi. Shu jarayonda kutubxonachilik sohasi ham o‘zining yangi, zamonaviy vazifalarini topdi. Endilikda kutubxona faqatgina kitob saqlanadigan joy emas, balki jamiyatning intellektual, madaniy va ilmiy markazi sifatida xizmat qilmoqda. Bugungi kunda kutubxonalar innovatsion bilimlarni jamiyatga yetkazuvchi vosita sifatida qaralmoqda. Elektron kutubxonalar, raqamli kataloglar, onlayn ma’lumot bazalari foydalanuvchilarga qulay sharoit yaratmoqda. Shu bilan birga, kutubxona insonlarning mustaqil o‘qish, izlanish va ta’lim olish madaniyatini shakllantirishda muhim o‘rin egallaydi. Kutubxonalar yoshlarni kitobxonlikka jalb qilish, milliy va jahon madaniy merosini saqlash, targ‘ib qilish, jamiyatda ma’naviy qadriyatlarni mustahkamlashda muhim rol o‘ynaydi. Shu jihatdan, kutubxona milliy g‘oya va ma’naviy barkamollikni shakllantirishning asosiy institutlaridan biridir. Zamonaviy axborot jamiyatida kutubxonachilik sohasi yangicha mazmun kasb etmoqda. U nafaqat bilimlar xazinasi, balki raqamli axborot markazi, ijtimoiy-ma’naviy taraqqiyotning muhim tayanchi sifatida namoyon bo‘lmoqda. An’anaviy kutubxonachilikda asosiy e’tibor fondni shakllantirish, saqlash va o‘quvchilarga xizmat ko‘rsatishga qaratilgan bo‘lsa, hozirgi zamon kutubxonachiligi foydalanuvchining ehtiyojiga